

LKPD BAHASA DAERAH KELAS VIII

BAB LAYANG

A. Sebutna perangan struktur layang pribadhi ing ngisor iki!

(1) Trenggalek, 24 Oktober 2022

Kanggo kancaku (2)
Nanda Amalia
ing Mojokerto

Salam kangen,

(3) Hai Nanda, sengaja daktulis layang iki kanggo ngobati rasa kangenku marang awakmu. Kepriye kabarmu ing Mojokerto? Muga-muga tansah apik-apik wae. Semana uga kabarku ing Trenggalek uga tansah apik-apik wae.

(4) Nanda, aku kapengin ngabari menawa sesuk tanggal 9 November ing dina minggu, kabupaten Trenggalek ngadakake lomba “Geguritan kanthi Tema Perjuwangan” tingkat propinsi. Yen bisa dakjaluk, kowe melu lomba kasebut amarga kowe pinter ing bab geguritan. Menawa kowe bisa, mula dakdhaftarake marang panitiya.

(5) Sawetara samene wae anggonku ngirim pawarta marang awakmu. Menawa ana kandhaku kang kurang gawe seneng atimu aku njaluk pangupara. Dakenteni balesan saka kowe. Nuwun.

(6) Kanca lawasmu,
 (7) 
 (8) Deni Kurniawan

- 1)
 2)
 3)
 4)

5)
 6)
 7)
 8)

B. Gandhengna jinise layang ing ngisor iki kang selaras karo tegese!

- | | | |
|---|---|--------------------|
| 1. Layang kang awujud undhangan yaiku | • | • layang kitir |
| 2. Layang kang isine mung saperlune wae yaiku | • | • layang iber-iber |
| 3. Layang sing isine menehi kabar kesripahan yaiku | • | • layang paturan |
| 4. Layang sing edaran/pemberitahuan yaiku | • | • layang ulem |
| 5. Layang kang isine perintah diarani | • | • layang lelayu |
| 6. Layang pribadhi diarani | • | • layang dhawuh |

C. Gawe ukara-ukara ing ngisor iki kang selaras nalikane kowe nulis layang!

Ukara Cita	
Ukara Pitakon	
Ukara Sananta	